

Kesyon yo poze souvan sou vitamin A

1. Kisa mwen ta dwe fè si yon timoun ap kriye?

Pa janm fòse yon timoun pran vitamin A. Pa ba li l nonplis si li ap kriye. Asirew ke timoun nan trankil pou anpeche l triangle. Pou kalme li, paran an ka mache ak timoun lan jiskaske li sispann kriye. Si timoun nan pa sispann kriye, di paran an poul retounen ansanm ak li nan pwochen distribisyon an.

2. Èske yo ka bay paran yo (pa egzanp, manman an) vitamin A pou yo bay timoun yo lakay yo?

Se sèl yon pwofesyonèl sante /volontè ki fòme ki ta dwe bay vitamin A yo itilize nan pwojè distribisyon inivèsèl yo. Yo pa ta dwe bay paran yo kapsil yo pou yo bay timoun yo lakay yo. Pa janm bay akonpanyatè a vitamin A pou li bay timoun lan nan pita.

Pou plis enfòmasyon sou fason pou jere timoun ki malad ki ta rive nan yon evènman distribisyon inivèsèl, e ki ta bezwen yon trètman medikal anplis, ki gen ladan vitamin A (SVA), wè Manyèl referans sou kijan yo bay vitamin A nan pwojè inivèsèl distribisyon (sètadi Manyèl Referans Vitamin A).

Nan nenpòt ka, tibebe ak timoun ki malad yo ta dwe refere san pèdi tan bay yon pwofesyonèl sante pou plis evalyasyon ak trètman, dirèkteman aprè yo fin pran dòz vitamin A, piga bay li nan ka ki ta dekonseye (sètadi, yon timoun ki gen gwo pwoblèm respiratwa).

3. Si yon timoun ki gen 5 an oswa plis ta manke vitamin A, èske yo ka ba li vitamin A? Daprè ou, poukisa non?

Rechèch yo pa sipòte distribisyon inivèsèl vitamin A (SVA) bay timoun ki gen 5 an oswa plis. Malgre SVA pa fè timoun ki gen 5 an mal, pa gen okenn prèv ki montre timoun ki an sante e ki gen plis pase 5 an ap jwenn benefis lè li pran l. Paran yo oswa responsab ki mennen timoun ki gen 5 an ou plis nan evènman distribisyon yo ta dwe jwenn enfòmasyon sou manje ki rich nan vitamin A ak bon pratik nitrisyon yo.

SVA Vitamin Angels yo gen pou objektif anpeche defisi nan vitamin A kay timoun ki poko gen 5 an. Nan kèk ka trè limite, si òganizasyon benefisyè an ta rive an kontak ak yon timoun ki gen 5 an ou plis ki prezante l ak sentòm Karans VA (pa egzanp nan ka zeroftalmi), lè sa a, jan sa dekri nan Chapit 9 nan manyèl referans Vitamin Angels sou jan pou bay vitamin A nan pwojè distribisyon inivèsèl yo (sa vle di, Manyèl Referans SVA la), desizyon si wi ou non yap bay timoun nan vitamin A ta dwe pran sou rekòmandasyon yon pwofesyonèl lasante, epi se ka pa ka.

4. Pouki rezon kritè kalifikasyon yo egzije pou timoun nan pa ta resevwa vitamin A nan mwa ki sòt pase a, pandan yo konseye yon dòz chak 4 a 6 mwa?

Selon OMS 2, entèval minimòm pou pran dòz vitamin A yo se yon mwa. Entèval maksimòm pou pran dòz yo se 6 mwa. Pa egzanp, si yon timoun pa te resevwa vitamin A depi 2 mwa, li ta pi bon pou ba li dòz la pase ou sote l epi tann 8 mwa (sa vle di 2 mwa + 6 mwa) pou pwochen dòz la. Pou plis enfòmasyon, gade nan Manyèl Referans sou dòzaj Vitamin A nan Pwojè Distribisyon Inivèsèl yo (sètadi, Manyèl Referans SVA a).

5. Èske ou ka bay manman ki fenk akouche vitamin A?

Distribisyon inivèsèl vitamin A (SVA) bay fanm ki fèk akouche pa dwe itilize kòm mezi sante piblik pou anpeche manman ak pitit yo tombe malad oubyen mouri nan akouchman osinon aprè akouchman yo (se yon gwo rekòmandasyon OMS). Fanm ki fèk akouche ta dwe kontinye resevwa bon jan nitrisyon ki taye sou bezwen yo.¹

6. E si gouvènman m nan konseye vitamin A pou timoun ki gen plis pase 5 an oswa pou fanm aprè akouchman?

Vitamin A (SVA) yo ke Vitamin Angels ofri yo pa ni pou timoun ki gen plis pase 5 an, ni pou maman ki fèk akouche, mènmen lè yon gouvènman ta di sa ki kontrè. SVA yo bay nan Vitamin Angels yo ta dwe itilize pou timoun 6-59 mwa sèlman. Nan kèk ka trè limite, Vitamin Angels ka apwouve distribisyon VAS yo bay timoun ki gen plis pase 5 an oswa pou fanm ki fèk akouche; men, anvan posibilite sa a ta va konsidere, Vitamin Angels dwe resevwa yon kopi politik ofisyèl gouvènman an sou SVA, ki gen ladan l tou politik SVA ki sible popilasyon espesifik sa yo. Anplis, Vitamin Angels ap konsidere gwoup sa yo selman si yo reprezante yon pati minim (mwens pase 5%) nan yon pi gwo pwojè ki konsantre sou distribisyon inivèsèl SVA pou ti bebe ak timoun 6-59 mwa

7. Kisa k ap pase si mwen louvri yon boutèy vitamin A epi mwen pa itilize kapsil yo sou yon lane?

Après yo fin ouvè bwat medikaman an si yo pa itilize l pandan 1 an, dòz vitamin A ap pi fèb, men li pap mete w an danje, ni li pap prezante okenn risk pou moun ki konsome li. Li enpòtan pou verifye stock vitamin A, anvan distribisyon an. Lè konsa wap sèvi ak bwat medikaman ki deja louvri yo, ki gen dat ekspirasyon ki pi pre a. Après sa, wap sèvi ak lòt vitamin A ki gen dat ekspirasyon ki pi lwen.

8. Pafwa, anpil chalè leve nan zòn distribisyon mwen an; kisa mwen dwe fè pou stoke yo pi byen?

Kapsil vitamin A yo teste anba kondisyon anpil chalè ak imidite. Yo ka kontinye bay kantite vitamin A nesèsè a pou omwens yon peryòd 3 lane.

Yon depo ki konfòm pou tout pwodwi vitamin A yo dwe disponib pou asire vitamin A ka estoke yon kote ki fre, ki sèk e ki pa anba limyè solèy; kondisyon sa yo pral pèmèt vitamin A yo kenbe tout fòs yo. Menm nan zòn distribisyon ki fè cho yo, kapsil vitamin A yo ka pwoteje si yo rete nan bwat medikaman orijinal yo. Fòk yo rete sele e fòk yo pa rete anba limyè solèy la.

9. Èske yo ka estoke vitamin A nan frijidè?

Nou pa gen okenn done ki ta fè kwè frijidè ka bay vitamin A pwoblem. Sèl bagay, li ka fè kapsil la vin di. Se konsa, anvan ou sèvi avek yo, ajan sante a dwe soti yo byen avan nan frijidè a, pou ka kite yo adousi ase pou yo ka peze likid la. Si kapsil lan twò di, lap difisil pou koupe l epi twòp lwil vitamin A ap rete andedan l. Lè konsa timoun nan pa jwenn tout dòz la.

10. Si vitamin A bay timoun nan efè segondè tankou maltèt, kè plen oswa vomisman, èske li ta dwe pran yon lòt dòz aprè 6 mwa?

OMS fè konnen efè segondè yo pap dire, epitou timoun nan ka resevwa dòz ki konfòm ak laj li nan six mwa ankò.

11. Si yon timoun fè eksperyans efè segondè apre li fin pran vitamin A, èske lap kontinye fè eksperyans efè segondè lè li resevwa SVA yon lòt fwa ankò?

Li posib pou yon timoun fè eksperyans efè segondè plis pase yon fwa, men pa gen okenn prèv ke sa pral rive.

12. Si yon timoun òfelen oswa si li pat tete, èske ou konseye pou yo ba l plis vitamin A?

Non; rekòmandasyon dozaj vitamin A OMS yo baze sou laj timoun nan. Yo pa fè okenn rekòmandasyon ki baze sou si timoun nan te pran oubyen pat pran tete.

13. Ki gou ou ka jwenn nan vitamin A lè li sou fòm kapsil medikaman?

Vitamin A se yon lwil ki gen yon ti gou vaniy.

14. Eske nou ta dwe bay moun ki majè yo vitamin A?

An jeneral, rechèch pa montre nesesitye distribisyon inivèsèl vitamin A (SVA) bay moun ki majè. Se pou rezon sa a, Vitamin Angels pa chèche sèvi ak pwodwi li yo pou tretman; yo pito sèvi ak yo pou prevansyon. Nan sijè sa a, eksplikasyon ak eksepsyon ki vini aprè yo konsène fanm yo.

- **Fanm ki gen jiska 6 semèn depi lè l te akouche:** Distribisyon inivèsèl SVA bay fanm lè yo fek akouche PA dwe itilize kòm mezi sante piblik pou anpeche manman ak pitit yo tombe malad oubyen mouri nan akouchman osinon aprè akouchman (sa se yon gwo rekòmandasyon OMS). Fanm ki fèk akouche ta dwe kontinye resevwa bon jan nitrisyon ki taye sou bezwen yo.
- **Fanm ansent ak fanm ki nan laj pou fè timoun:** Nou pa ta dwe bay yon gwo dòz SVA (plis pase 10,000 IU) bay ni fanm ansent, ni fanm ki nan laj pou fè timoun ki nan premye etap yon gwasès, kit nou te konnen l te ansent kit nou pat konnen l te ansent. Yon gwo dòz vitamin A nan kòmansman yon gwasès ka bay timoun ki poko fèt la pwoblem.
- **Trètman pou fanm kap souffri pwoblèm nan je:** Pou enfòmasyon sou trètman, gade nan Manyèl Referans lan pou wè kijan yo bay dòz vitamin A yo nan pwojè distribisyon inivèsèl yo (sètadi Manyèl referans SVA la).
- **Trètman moun ki souffri maladi yo rele zewoftalmi an:** Pou enfòmasyon sou trètman, gade nan Manyèl Referans lan pou wè kijan yo bay dòz vitamin A yo nan pwojè distribisyon inivèsèl yo (sètadi Manyèl referans SVA la).

Vizite sit entènèt nou an: www.vitaminangels.org pou dènye enfòmasyon ak lòt enfòmasyon sou vitamin A ak remèd vè pou timoun ki poko gen 5 an.

-
1. OMS. Oryantasyon: Bay fanm yo vitamin A aprè akouchman. Òganizasyon Mondyal Lasante, 2011.
 2. OMD. Distribisyon vitamin A pandan jounnen nasyonal vaksinasyon yo. OMS/EPI/GEN/98.06.1998: 9

Kesyon yo poze souvan sou zafè remèd vè

1. Kisa mwen ta dwe fè si yon timoun ap kriye?

Pa janm fòse yon timoun vale ni yon kapsil vitamin A, ni yon grenn remèd vè. Pinga ou ba li l si lap kriye nonplis. Asirew ke timoun nan tranquil pou anpeche l trangle. Pou kalme li, paran an ka mache ak timoun lan jiskaske li sispann kriye. Si timoun nan pa sispann kriye, di paran an pou retounen ansanm ak li nan pwochen distribisyon an.

2. Èske yo ka bay paran an (tankou manman) grenn remèd vè a pou bay timoun nan lakay li?

Remèd vè ki itilize nan pwojè distribisyon inivèsèl yo ta dwe bay pa pwofesyonèl sante / volontè ki resevwa fòmasyon. Pa janm bay paran an grenn vè a pou li bay timoun nan pita.

3. Èske nou ka bay yon timoun yon grenn vè ki pa kraze pou li moulen l?

Non! Nan bi pou anpeche l trangle. Toujou kraze grenn remèd vè a pou timoun ki poko gen 5 an. Sèvi ak yon boutèy an vè ak yon moso papyè blan ki pwòp, yon kiyè oswa yon pilon pou kraze grenn remèd vè yo.

4. Èske grenn nan ta dwe kraze byen fen?

Pou asire timoun nan pa trangle, toujou kraze grenn remèd vè a byen fen pou yon timoun ki poko gen dan yon fason pou li kapab vale ti moso yo ansanm ak poud la san danje.

5. Kisa mwen ta dwe fè si yon timoun ap trangle pandan lap pran grenn remèd vè a?

Si yon timoun ap trangle pandan lap pran grenn remèd vè a, swiv enstriksyon ki nan do Gid Vizyèl SVA+RV a ak nan Manyèl Referans sou remèd vè, nan seksyon "Kisa pou ou fè si yon timoun ap trangle"

6. Si mwen bay mwatye yon grenn Albendazòl pou yon timoun 12 a 24 mwa, kisa mwen ta dwe fè ak lòt mwatye grenn lan?

Si ou itilize mwatye yon grenn, kenbe lòt mwatye a pou yon lòt timoun.

7. Poukisa yo konseye remèd vè sèlman yon fwa oswa de fwa sou yon lane?

OMS konseye timoun preskolè dwe pran remèd vè (albendazòl oswa mebendazòl) yon fwa oswa de fwa sou yon lane, selon prevalans enfeksyon HTS yon peyi. Pifò peyi yo pran mezi ki mache ansanm ak rekòmandasyon OMS yo epi yo tou enskri yo nan kalandriye distribisyon vitamin A.

8. Poukisa nou pa ka bay yon timoun ki gen lafyèv grenn remèd vè a?

Pa gen okenn danje pou yon timoun ki gen lafyèv, dyare grav, oswa vomisman ta pran remèd vè; men, li pa rekòmande pou timoun ki gen pwoblèm sante sa yo pran remèd vè a paske si yo ta va gen pou pran remèd vè yon lòt fwa ankò, timoun sa a kapab sibi yon reyaksyon negatif si sentòm sa yo pèsiste sou timoun nan epi ta gen rapò ak remèd vè a.

9. Kisa ou konseye si timoun nan krache grenn remèd vè a?

Si timoun nan krache grenn nan, li dwe retounen yon lòt mwa, lè li kalifye ankò pou pran remèd vè. Pa bliye, li enpòtan! **PA JANM fòse yon timoun pran grenn remèd vè.** Si timoun nan ap bay pwoblèm, kite li ale san trètman; l ap jwenn yon lòt okazyon nan pwochen distribisyon an.

10. Èske nou ta dwe bay remèd vè san manje oswa dlo?

Après ou fin bay timoun nan grenn remèd vè, ou ka ba l bwè dlo nan yon gode ki pwòp. Si dlo potab pa disponib, ou ka bouyi l, filtre l oswa trete l ak klowòks, yon fason pou rand li potab. Gen kèk patnè sou teren an ki kwè lè yo bay remèd

vè a ak manje oswa ak dlo li pi agreyab oswa pi fasil pou timoun yo vale l. Si ou ka garanti manje oswa dlo pwòp, nan yon kantite ki sifi, ou ka bay timoun nan yo. Toutjan, ou pa oblije pran remèd vè ak manje oswa dlo.

Vizite sit entènèt nou an: www.vitaminangels.org pou dènye enfòmasyon ak lòt enfòmasyon sou vitamin A ak remèd vè pou timoun ki poko gen 5 an.